



## Aplike pou kindergarten avan delè 20 janvyè a!

Chè fanmi,

Èske w te aplike pou kindergarten deja? Pa bliye—ou kapab ajoute pwogram kindergarten pou elèv ki gen don ak talan (Gifted & Talented, G&T) nan menm aplikasyon sa a. Delè pou aplike a se **20 jen** !

### Ou ka voye aplikasyon w lan ale nan youn nan twa fason sa yo:

- **Sou entènèt avan [MySchools.nyc](https://www.schools.nyc.gov)**—Nou rekòmande sa! [Kreye yon kont jodia](#). W ap itilize MySchools pou chèche lekòl primè, jwenn bonjan chwa pou aplikasyon pitit ou a, aplike nan kindergarten, epi resevwa òf ou. Gade videyo eksplikasyon sa yo pou konnen, [kòman pou kreye kont MySchools ou a](#) ak [kòman pou aplike](#).
- **Pa telefòn nan 718-935-2009**. Rele nou lendi rive vandredi, ant 8am-6pm.
- **Kontakte yon Sant Byenveni pou Fanmi**. Aprann kòman nan [schools.nyc.gov/FWC](https://schools.nyc.gov/FWC).

**Nou pale lang ou pale a!** Si w aplike sou entènèt, aplikasyon an disponib an anglè, arab, bengali/bangla, chinwa, fransè, kreyòl ayisyen, koreyen, ris, panyòl oswa oudou. Pa telefòn oswa anpèsòn, entèpretasyon disponib nan plis pase 200 lang: asire w ke ou mande yon entèprèt.

Pou jwenn denyè enfòmasyon sou admisyon nan kindergarten, tanpri ale nan [schools.nyc.gov/Kindergarten](https://schools.nyc.gov/Kindergarten). Ou toujou gen kesyon? Nou la pou nou ede. Rele nou (gade pi wo a) oswa voye yon imèl nan [ESEnrollment@schools.nyc.gov](mailto:ESEnrollment@schools.nyc.gov).

Mèsi!

Ekip Admisyon Kindergarten lan

**Èske se yon zanmi ki te voye imèl sa a ba w?** Asire w ou mete non w sou lis pou resevwa imèl sou admisyon nan kindergarten nou an nan [schools.nyc.gov/SignUp](https://schools.nyc.gov/SignUp).

Si w pa vle resevwa imèl ankò nan youn oswa nenpòt lis imèl nou yo, tanpri klike [la a](#) pou retire non w.